ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ІПЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№7 (22.165) ● 2012 гъэм щІышылэм (январым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэр хэтащ Къэрал Советым Саранск щригъэкІуэкІа зэІущІэм

Къанокъуэ Арсен хэтащ щэхуакІуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ Къэрал Советым Саранск къалэм щригъэкІуэкІа зэІущІэм.

АР КЪЫЩЫЗЭІУИХЫМ Медведев Дмитрий къыхигъэщхьэхукІащ я сэбэп зыхэлъэм теухуауэ бизнесымрэ щІыхьэхэмрэ зэпэщІэбгъэувэ зэрымыхьунур. «Ауэ щэхуакІуэхэр къапщтэмэ, абыхэм я хуитыныгъэхэр яхъумэжыныкмкІэ ябгъэдэлъ зэфІэкІхэр нэхъ мащІэщи, лъэныкъуитІми я зэхущытыкІэхэр хабзэ хэхахэм тету дуней псом щызэблагъэкІ. Абы къыхэкІыу дэри къызэдгъэпэщын хуейщ зэныкъуэкъухэр дзэыгъэкІыфым иджыпстэ хабзэ мардэхэр», - кьигъэлъэгъуащ къэралым и Президентым.

ЗэІущІэм нэгъуэщІ зы Іуэхуи къыщІэтащ. Ар Федерацэм и субъектхэм я унафэщІхэр ІэІэткІэ хэхыным теухуауэ Медведев Дмитрий Къэрал Думэм игъэхьа законопроектырщ.

Мы Іуэхур къызэрыщыхъум теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен жиІащ: «Ар икъукІэ тэмэму икІи игъэуэ къызэлъатэ. Абы кьегъэльагъуэ, ялэрауэ, хэхыныгъэхэр зэІуихауэ зэрекІуэкІыр, етІуанэрауэ, граждан жылагъуэр зэрызэтеувар. Апхуэдэ хабзэм нэрылъагъу кьищІынущ субъектым и унафэщІым цІыхухэм хуащІ дзыхьыр зыхуэдэр. Сэ къызолъытэ дэтхэнэ щІыналъэми и унафэщІым цІыхухэм дзыхь хуащІу щытыпхьэу, сыту жыпІэмэ, арыншауэ абы зыри хуэзэфІэкІынукъым.

Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ, субъектым и кІуэлыкъу нэхъыщІхэ дыдэм ягъэувынум и кандидатурэр политикэ партхэм къызэрыхалъхьэм къыдэкІуэу, а кІуэлыкъум увын папщІэ цІыхум езым зыкьигъэльэгъуэжыну законопроектым хуит зэрищІым. Апхуэдэ кандидатым и мурадхэр къызэрыдаІыгъым и щІыхьэгъ, цІыхухэм Іэ зэщІадза тхьилъхэр зэхуихьэсын хуейщ. Мис а лэжьыгъэр зэрыгаръэкІуэкІыну щІыкІэр нэхъ Іупщ1у убзыхун хуейуэ къызолъытэ. ЦІыху мелуан куэд щыпсэу щІыналъэмрэ цІыху мащІэ фІэкІ зэрымыс субъектымрэ кандидатыр даІыгъыу Іэ щытезыдзэн хуейхэр я бжыгъэкІэ зэхуэдизу къащтэ хъунукъым. СызэрелтъымкІэ, ар бжыгъэ пыухыкІам темыту, субъектым щыпсэуэхэм я процент гуэрым тещІыхьыпхэщ».

ЩОКЪАРЭ Залинэ,
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэм и унафэщІ.

Къэралыр зыхцейхэм папщІэ заказэхэр хэгуэшэныжмкІэ КъБР-м и къэрал комитетым и унафэщІ Бэрэгъун Заурбэч

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказэхэр хэгуэшэныжмкІэ КъБР-м и къэрал комитетым и унафэщІу игъэуваща езым и дэІэпыкъуэгъуу лэжьа Бэрэгъун Заурбэч. Апхуэдэу КъБР-м и Іэтащхьэм и ЖазкІэ Бэрэгъун Заурбэч КъБР-м и Правительствэм хагъэхьащ.

Бэрэгъун Заурбэч Владимир и къуэр 1970 гъэм Налшык къалэм къыщыдалъхуащ. «Инженер-уэхакІуэ» ІэщІагъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьнухащ. Экономикэ щІэныгъэ хэм я кандидатщ.

1992 - 1997 гъэхэм Налшык къалэм дэт «Александр» сату фирмэм и лэжьакІуэу, нужькІэ и унафэщІу щытащ. 1997 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщ1ым) и ялэ къуэдзэм и чэнджэщагъуэ ягъэуващ. 1997 гъэм щегъэжьауэ 2000 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялэ къуэдзэм и дэІэпыкъуэгъуэ щытащ. 2000 - 2004 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялэ къуэдзэм и секретариатым и унафэщІщ. 2004 - 2007 гъэхэм «Эпоха» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам (Москва къалэ) и генеральнэ директорщ. 2007 гъэм щегъэжьауэ 2009 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмымкІэ и министрым и къуэдзэ, 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмымкІэ и министрым и къуэдзэу щытащ. 2009 гъэм и накъыгъэм щыщІэдзауэ иджы нІыгъ къуэлыкъур кратныху, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и дэІэпыкъуэгъуэ лэжьащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэм.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Іулъхьэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ.

«Время Кабардино-Балкарии» интернет кьыдэкІыгъуэм и редакцэм иригъэкІуэкІащ си республикэм щыпсэу цІыху Іуэхуэм я рейтингыр кьызэрапщытэ «Лицо года-2011» зыфІаща Іуэхур. Йльэс кІуам кьрибыдэу абыхэм ятеухауэ Интернетымрэ «Время Кабардино-Балкарии» хъыбарегъащІэ портальмрэ щатхэхэрэ тегъэщапІэ ящІар.

KBR-TIME-м кьыдэрытымкІэ, Іуэху зэхуэмыдэхэм щыпашэ цІыхухэм я зэфІэкІыр кьызэралъытар сайтым ит тхыгъэхэмкІэщ. НэхъыфІхэр кьыщыхахым еплъащ сайтым ихьэу а тхыгъэхэр щІэзыджыкІахэм я бжыгъэм, ахэр кьызэрагъэсэбэпам, зи зэфІэкІыр кьапщытэ щІыхуэм кІуалыкъу щищІэ ІэнатІэм ехьулІэныгъэу щызыІэригъэхьам, нэгъуэщІхэм.

Іыхьэ зыбжанэу гуэша мы зэпеуэм кьыщыхахащ 2011 гъэм кьриубыдэу щІыхуэхэм, республикэм я сэбэп зыхэлъ Іуэху зыпэжьахэр, гугъуехьэм емылытауэ, я мурадым ерыщу хуэжІуэу зи ІстЭПАН Залинэ.

Мэз Каринэ и лъагапІэхэр: Іуащхьэмахуэ, Эверест, Килиманджарэ

Дэнэ щІыпІи щыпсу адыгэхэр ильэс кІуам хуабжьу зыщыгуфІыкІа Іуэхугъуэхэм ящыщи дунейм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Эверест (Джомолунгмэ) ди лъэпкъэгъу ящанэ Мэз Каринэ зэрыдэкІар. Бзылъхугъэхэм ящыщу апхуэдэ зыхуэфащІар щІыхь зыбжанэщ.

Мы ильэрги екъуІЭныгъэшхуэкІэ къыщидзащ Каринэ - щІышылэм и 10-м ар ихьащ Африкэм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Килиманджарэ и щыгум. Адыгэ пащащэм иджы зегъэхьэзыр альпинистхэм нэхъ гугъу дыдэу кьалытэ Караконрум къуриым хыхьэ К-7-м дэкІыну. Ди гуапэщ а мурадри Мэз Каринэ кьехъуІэну.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ** *Элинэ трихащ.*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым, 2012 гъэм, апхуэдэу 2013, 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм ятещІыхьам, и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым, «2012 гъэм, апхуэдэу 2013, 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм ятещІыхьам, и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м
№989-П-П

Зыгуэр щыжаІэм зыгуэр щыщыІэщ

«УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр 2011 гъэм и лыгъэгъэмщыхахым законым къемыгъэгъ. Іуэхуу мини 3-м нэблагъэ къагъэхьауэ къэралым и прокуратурэ нэхъыщхьэм кьыщІигъэщащ, абыхэм яшкІ иткІэ цІыхуэ 100 хуэдизу жуэпым ирашэлІащ», - итщ Генеральнэ прокурор Чайкэ Юрий УФ-м и Президент Медведев Дмитрий и пащхьэ ирилъхьа тхыгъэм.

«ХъыбыгъэмкІэ законодательствэр кьыщыгъэпауд къэмыгъэхъуным, хабзэщагъэхэр гъэзэкІуэжьным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхьэхэр кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэу 1300-рэ прокурорхэм зыхуэфащэхэм хуагъэхьащ, хабзэм кьемызэгъ правовой акту 760-рэ якьутэжьну хуагъэуващ. Прокурорхэм кьаІэтри, цІыху 25-рэ административнэ жэуапым ирашэлІащ», - кьыщыгъэльэгъуащ докладым.

Президентыр иукІыну хэтауэ ягъэкъуаншэ

Айдахэ штатым щыщ, Іэпэлъэныгъэ зигъэхьэзырыр ТЭПАЦ Анатолий.

Псалъэм текІуэдар

Гамбием информацэмкІэ и министру щытар, унафэщІ-хэр тридзу кьэралыр иубыдыну и мурадауэ ягъэкъуаншэри, псэухукІэ тутнакъэщым исыну ягъэтІысащ.

Джанне Амаду апхуэдэ мурад зэриІам и щІыхьэту судым кьилытащ абы «Диктатурэм кІэ игуэятащ» псалъэхэр зытетха джанэ зэрыригъэщІар.

Гамбием иджыпсту и президент Джамме Яйя къэрал унафэр 1994 гъэм залымыгъэкІэ зыІэригъэхьауэ щытащ. Ар иджы еплІанэ пІалъэкІэ и кІуалыкъум увыжащ.

Техьэгъуэм хэуныкІэхэр

Узышащэр хуэмыныжкІэ дунейпсо организацэм кьызэриткІэ, гъэ кьэс техьэгъуэм йолъыкІ цІыху мин 800-м ябгъагъ .

Псом хуэмыдэу а узыфэр Африкэм и къэралхэм нэхъ щыябгъщ. Ауэ узышащэр хьуэныр тэмэму кьызэрызэммыгъэпэщам, хущхьуэхэр кьуэзэрыщэхуэгъуейм кьыхэкІыу, абыхэм иджыпсту куэду щащэ узыр тІэкІу кьэзыгъэтІасхъэ, ауэ нэсу зымыгъэхъуж хущхьуэ нэпщІэхэр. Ахэр нэхъ пудщи, псынщІэу пхокІ икІи бзаджащІэхэм мылъкушхуэ кьыхах.

Хущхьуэ нэпщІхэр нэхъыбэу кьыздрашыр Китаймрэ Азием щыщ къэралхэмрэщ.

ІэщІагъэлІхэм мы Іуэхум нэгъуэщІ зы шынагъуи хэлъу кьалытэ. Техьэгъуэр кьэзыгъэхьей аргуэйр абы псынщІэу йоээри, нэхъри мэятэ.

□Илъэси 100 и пэкІэ Санкт-Петербург кьыщызэрагъэпэщащэу щытащ Урысейпсо футбол союзыр (1992 гъэ лъандэрэ Урысей футбол союзщ). А гъэ дыдэм Стокгольм къалэм щекІуэкІа конгрессым ФИФА-м зэпымыууэ хэтхэм ящыщ щащІащ.

□Илъэси 100 и пэкІэ къалъхуащ **Кантарович Л. В**. (1912 - 1986), математик, экономист инир, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и академикыр, Нобель и саугъэтыр экономикэмкІэ зратар.

□1931 гъэм къалъхуащ **Тебэ Тимур**, адыгей усакІуэр, КІэрашэ Тембот и цІэкІэ щыІэ саугъэтыр зратар, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэр.

□1965 гъэм Майкэ поселкэр къалэ ящІащ.

Къэралыр зыхцейхэм папщІэ заказэхэр хэгуэшэныжмкІэ КъБР-м и къэрал комитетым и унафэщІ Бэрэгъун Заурбэч

● Хъыбар гуапэ

Ильэсым и цІыхухэр

зэфІэкІыфІхэр кьэзыгъэльэгъуэхэр.

Апхуэдэхэу политикэм нэхъ щыщІэрыІуэ дыдэу кьалытащ Ф-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъэш Адэлбий, дунейпсо щыхъ зыхуэфащэщ режиссер цІэрыІуэ Сокъур Александр. Йльэсым и цІыху нэхъ жыджэр дыдэщ «М Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщ Байсиев Темыржан, КъБР-м щІалэгъуалэм я ІуэхуэхмкІэ и министр Хьэжрокъуэ Сультан ныбжьыщІэхэм сыт и лъэныкъуэкІи щапхьэ зытрах хьуну кьулыкъущІэщ. Нэхъ губзыгъэу кьалъытащ щІэныгъэлІ щІалэ Гуппоев Тимур, зэфІэкІыщхуэ кьэзыгъэльэгъуэ бзылъхугъэщ Эверест бгым дэжІа Мэз Каринэ.

Президентыр иукІыну хэтауэ ягъэкъуаншэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыбгъэдэкІ фІыщІэм теухуа Положенэр кьэщтэным и Іуэхуэкі» 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №918-УП-мрэ а Указымкіэ къащта Положенэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хэлъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхуэкі» 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №91-РЗ-м ипкъ иткІэ, **унафэ ещІ**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыбгъэдэкІ фІыщІэм теухуа Положенэр кьэщтэным и Іуэхуэкі» 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №918-УП-мрэ а Указымкіэ къащта Положенэмрэ мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым и псалъащхьэмрэ пункт 1-мрэ хэт «Президентым» псалъэхэр зэхъуэкІын «Іэтащхьэм» жиІэу;

б) Положенэм и псалъащхьэмрэ езы тхыгъэмрэ зэдыщІэкІыу зыхуэфащэ падежхэм ину хэт «Президент» псалъэр зыхуэфащэ падежхэм ит «Іэтащхьэ» псалъэмкІэ зэхъуэкІын.

2. Мы Указым кьару егъуэт 2012 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№195-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым театр гъуэзджэм и ІэнатІэмкІэ и грантхэр гъэувыным и Іуэхуэкі» 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №140-УП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм хэлъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я Іуэхуэкі» 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №91-РЗ-м ипкъ иткІэ, **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым театр гъуэзджэм и ІэнатІэмкІэ и грантхэр гъэувыным и Іуэхуэкі» 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №140-УП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи псалъащхьэм, пунктэу 1-мрэ 2-мрэ хэт «Президентым» псалъэр «Іэтащхьэм» жиІэу зэхъуэкІын.

2. Мы Указым кьару егъуэт 2012 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№196-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкІа Указ №913-УП-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым и Іуэхуэкі» 2006 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкІа Указ №913-УП-мкІэ къащтам, мы кьыкІэлъыкІуэхэр зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Ащхьуэт А. М. - «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес инкубатор» къэрал Іуэхущ1анІэм и унафэщІр

Быф Р. Ж. - Федеральнэ налог кьулыкъущІанІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІщ *(зэгурыІуэу)*

Кьыльшыкъуэ А. И. - «Урысейм и щІагъэкъуэн» хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ курытымрэ ядэІэпыкъуныжмкІэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Лыхъ З. А.- «Урысей мэкъумэщбанк» акционер зэгухьэныгъэ зэІуихам и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу);*

б) Мэремкъул А. В. и кІуалыкъум зэреджэр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Еврокоммерц» коммерцэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и правленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)»*;

в) Советым кьыхэзгъэкІыжын Ткаченкэ А. А., ЛІыхъугу М. Хь., Храмцовэ Н. Ф. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№197-УП

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дахэм къимыхь Іейм къихьыркъым.

СириемдегъэпІейтей

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

2012 гъэм щІышылэм и 14-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщІапІэ нэхьыщхьэу Налшык къалэм дэтым щекІуэкІащ ДАХ-м и Исполкомымрэ и Советымрэ хэтхэм я зи мычэзу зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ Сириеи къэралым щыІэ политикэ щытыкІэр къызэрызэщІэплъэм икъ иткІэ, абы щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я Іуэху зыІутым.

ЗэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, КъБР-м жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іэхуэхьэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, Урысейм и федеральнэ Іэпхъуэшапхъуэ кьулыкъум и Іуэхущ1анІэу КъБР-м щыІэм хамэ къэрал кьикІ щыхуэхэр тхьнымрэ абыхэм визэ етынымкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Іэрамысэ Анзор**, УФ-м щыІэ шарджэс жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я лІыкІуэхэр, Сириеи кьиІыжа ди лъэпкъэгъуэхэр.

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, нэгъабэ дыгъэгъазэм УФ-м и Президентым, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я унафэщІхэм Сириеи щекІуэкІ Іуэхугъуэм я хабзэхэр, хуитыныгъэхэр кьызэрызэпаудым кьыхэкІыу я хэкум кьэкІуэжынымкІэ ядэІэпыкъуну елъэІуу япэ щыкІэ ди лъэпкъэгъуэм 115-м, иужькІэ 59-м зыкъыхуагъэзат. ЗэІущІэм наІуэ кьызэрыщыхъуамкІэ, апхуэдэ лъэІу зиІэхэр щІыкІэ 300-м нэблагъащ.

Къэпсэльаухэм кьыкагъащащ Сириеи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр икъуэкІэ щытыкІэ гугъу кьызэрихутар, махуэ кьэс я Іуэхур нэхъ Іей зэрыхъур, я гъащІэр халъхьэнкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр. Абы икІи иткІэ ахэр тепсэлъыхьащ Сириеи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр я кьуэпсыр кьыщежьэ хэкум - Урысей Федерацэм - кьэкІуэжьну хуейхэм дэІэпыкъуэ зэрыхъунум икІи кьыхагъэщащ федеральнэ, хэгъэгу властхэмкІэ щыпсэу жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ я кьаурэ Іэмал имыІэу абы хэзгъэпсыпхъэу зэрыщытыр.

К1ьагъэлъэгъуа хэкІыпІэхэм ящыщщ Сириеи кьыкІыж ди лъэпкъэгъуэхэм Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм пІалъэ гъэрКІэ псэупІэ кьащащхьэзгъэпэщыныр (псалъэм папщІэ, санаторэхэм, кьуажэхэм зыри щымыпсэуэу дэт унэхэм щІэгъэтІысхьэныр, унагъуэхэм ятегущІэныр). Къэрал кьулыкъущІанІэм и Іуэкіуэкім нэхъыфІу кьалытащ Сириеи щыпсэу жахэр мыбдеж щекІуэкІ ГащІанІэм нэхъ псынщІэу хэсхьыныжмкІэ щадэІэпыкъу центр кьызэгъэпэщыныр.

ЗэІущІэм хэтхэм япэ игъэщІапхъэ Іуэхугъуэхэм ящыщу кьагъэльэгъуащ къэкІуэжьну хуейхэм я бжыгъэр, я щІэныгъэр, ІэщІагъэр зыхуэдэр, сабийуэ я гъуэгур, абыхэм я ныбжьыр зэрыхъур къэщІэну. Абы папщІэ ахэр зэхэзыгъэкІын къэрал комиссэ кьызэрэпэщІапхъэщ. Абы хэтын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я къэрал кьулыкъущІапІэхэмрэ жылагъуэ зэгухьныгъэмрэ я лІыкІуэхэр. Зи хэку кьэзыгъэзэжахэр пІалъэкІэ псэупІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІи, абыхэм щадэІэпыкъу центр кьызэІуихынымкІи, нэгъуэщІ социальнэ Іуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр яхуэщІэнымкІи къэрал гулъытэ хэуныкъуэщ. А псор къиулъытэри, ДАХ-м и тхьэмадзэ Ажахъуэ Кьанщобий нэгъабэ дыгъэгъазэм кьыкилъхьауэ щытащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ятеухуауэ лажьэ Правительственнэ комиссэм и зи чэзу зэІущІэм Сириеи щыпсэу адыгэхэм я Іуэхур щыщІэдзауэ ди лъэпкъэгъуэхэм я хуэхуэфыну щыкІэхэр яубзыхуну.

ДАХ-р Сириеи щыпсэу адыгэхэм ядэІэпыкъунымкІэ и Іуэху еплъыкІэр кьыщыгъэльэгъуа тхыгъэ Урысей Федерацэм и Президентым, УФ-м и Къэрал Думэмрэ Федеральнэ Зэхуэсымрэ, адыгэ щыпсэу хэгъуэгуэм я унафэщІхэм хуагъэхьыну зэІущІэм хэтхэр зэгурыІуэм.

Зи хэкум кьэкІуэжьну мурад зыщІа ди лъэпкъэгъуэхэм зэрызыщІагъэкъуэн мылъку зэрыхуейм кьыхэкІыу, кьызэхуэсахэм кьыхалъхьащ кьэзыгъэзэжахэр дэІэпыгъунымкІэ фонд кьызэрагъэпэщыну икІи унафэ кьащтащ абы папщІэ ДАХ-м и счетыр кьагъэсэбэпыну. Щытыкъэ гугъуэм кьихутэ ди лъэпкъэгъуэхэм зыщІэзыгъэкъуэнхэм ахъшэ ирагъэхь хъунущ мы счетым:

Юридическэ хэщІапІэр:
360000, Урысей, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къ., Щоджэнцыкіым и цІэр зезыхьэ зэрам, 6.
ИНН 072102124
КПП 072101001

Къэбэрдей-Балъкъэр «БУМ-БАНК» ООО
Налшык къ., Нэгумэм и цІэр зезыхьэ зэрам, 62
Счет №40703810720000000701
К/С №30101810100000000749
БИК 048327749
ИНН 0711007268
КПП 072101001

валютнэ ($)счет:
Къэбэрдей-Балъкъэр»БУМ-БАНК» ООО
Налшык къ., Нэгумэм и цІэр зезыхьэ зэрам, 62,
Счет №40703840020000000701
К/С №30101810100000000749
БИК 048327749
ИНН 0711007268
КПП 072101001

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и правленэм хэтхэм я Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м *№417-ПП*

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и Iуэхуки Iэ» 2007 гъэм фокIадэм и 18-м Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм кьищта унафэ №240-ПП-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым хэтхэр къыщIэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэзэу.

2. Къыру ямыIэжу къэлыгтэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкIэлыкIуэхэм:

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ТарифхэмкIэ и къэрал комитетым и правленэм хэтхэм я Iуэхуки Iэ» 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м №274-ПП-м щIэту къыдигъэкIам;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м кьищта Унафэ №274-ПП-м зэхьэжэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ» 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м №148-ПП-м щIэту къыдигъэкIам.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м къыдигъэкIа Унафэ №417-ПП-мкIэ кьищтащ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым хэтхэр

Уэлджыр Ж. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр *(правленэм и тхьмадэщ)*

Бэрэздж Т. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщIыр

Датчиев С. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэр

Литвинов Р. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэр

Уэзырмэдж А. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщIыр

Хуртуевэ А. М. -Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщIыр

Щоджэн А. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщIыр.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м *№746-рп*

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэр къыхэзрыщэрагъэпэщэрэ 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ильэс 90 зэрырикъум къыхэкIыу:

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэр ильэс 90 зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ юбилей Iуэхуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ планыр кьищтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм (Къарэ А. Хь.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэр ильэс 90 зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ зыхуэфащэ юбилей Iуэхуэхэр егъэкIуэкIынымрэ къыхэзригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Финансхэмкэ I и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэр ильэс 90 зэрырикъум зыхуэгъэхъэзырынымрэ абы пыщIа юбилей Iуэхуэхэр егъэкIуэкIынымрэ тригъэкIуэдэн папщIэ 2012 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм бюджетым щыхуэхаха ахъшэм щыщу сом мин 300,0 къыутIыпщыну.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I ГЕРТЕР Иван

Бракьнйхэ я унагъуэр, Iутыик Мэжид яхэту.
Адыгей, Хьэтыкъуей къуажэ.

Бжьэдыгъуэхэм я щIэблэр.
Хьэтэкъуей къуажэ

● Ди псэлъэгъуэхэр

Пщэдей узышэ гъуэгу

***«Къэбэрдей-Балкъэр» къэрал телеканалым гъэлъэгъуэн нухащ «Пщэдей узышэ гъуэгу» зыфIаща телефильмым и япэ Iыхьниблыр. Телевиденэмрэ Iутыик Мэжид зи гъэмадэ «Адыгэ унэмрэ» зэдащIа проектыр мы лэжьыгъэр. Хэкужьым нс адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм я кьыхьагъкIэ дыкъыпхреш фильмым, нобэрей я гъащIэмрэ зэлъэпкъэгъуэхэм я тхьдэмрэ щыззэхуэхуэна хъыбарым дыщIегъдэIуурэ. Абы цIыху куэд къыпэджажащ. Яльэгъуам теухуа я гупсысэ хэмкIэ, я упщIэкэмкIэ фильмым елэжьахэм зыкъызэрыхуагъазэр къэлъытэри, дэри упщIэ зыбжанэ еттащ абы и сценарнир зэхэзыгъэува журналист Хьэгъундокъуэ Сэлисэт.*

-Адыгэ зэлъэпкъэгъуэхэм ятеухуауэ («IакъуэунI жаIэ, ауэ фильмым зэрыщыжыIэм дытетынщ) телевиденэм, сыщымыуэмэ, шащIа янэ дэжьыгъэщ мыр. Дауэ къежьа хъуат фильмыр, Сэлисэт?

- Мы фильмыр къызэрегъхьэжьар апэру зи ФIыщIэр IутIыик Мэжидщ. Тыркум щыпсэу адыгэхэм ятеухуауэ дгъэ хьэзыра «Илъэсищэрэ пIыщIэр дэкIауэ» Iэжьыгъэрапизъуэрэ нэужь, Мэжид ар къызэрыщыхьуамкIэ къызэдгъэшэри: «Тыркум дыхэвгъэпIыащ, нобэрей Адыгэ хэкум фильм тепхыну ухуейкIэ, абыкIэ сыпхоохъуагъэ, уарэзымэ, сэ щIэгъэкъуэн сыткIи сыфхуэхъунщ», - къызжиIат. ГукъэкI пщIыр унафэщIым къыбдимыыIигъмэ, гукъэкIыр кьэнэжьынущ. Телевиденэм и унафэщI Къумахуэ Мухъэдин и гуапэу къыддиныIигащ мурадыр.

И зэманри и сомри тригъэкIуадэу апхуэдэ IэжьыгъэтэкIэ иным пэрыхьэн куэд щыIэныкъым. Ун лъэпкъым ухуэгумащIэу, абы и дунейр ун гупсысэм хэпщIауэ ущытын хуейщ, Мэжид дэ къыддиIэта Iуэхум хуэдэ и ужь уихьэн щхьэкIэ. Ун упщIэм нэхъ теухуауэ жыпIэмэ, Музэ, гу зылъытпар пэмкIи, зэлъэпкъэгъуэхэм ятегъэпсыхьауэ телевиденэм нэтын ищIатэкъым. Зэлъэпкъэгъуэхэм я якIалагъуэ кьэнэжахэм ящыщ куэдым дыщыIащ. Сэ езыр сыхуэпабгъэу сыкIуащ си лъэпкъэгъуэхэм я псэупIэ зэи сызэдэщымыIахэм. Псалъэм папщIэ, абзэзэ хэ жьлэу зы закъуэ - Хьэкурынэхьэбгъ - фIэкIа щымыIэжьм, апхуэдэ дыдэу хьэтыкъуей жьлэ закъуэ, къыщалъытэркъым. 1-4-нэ классым ихьэ кIэрыкъуфкIэрыгъ шынагъуэхэм елэжьхэм хуэфащэ щIэныгъэ ябгъэдэлъкъым, абыкIэ зыхуей тхылъхэр (сертификатхэр) яIэкъым.

Черниговскэ, Учебнэ, Красноселькэ, Къэрэгъэшэ, Малакановскэ, Новэ-Покровскэ, Янтарнэ, Заречнэ, Ульяновскэ, Советскэ, Дальнэ, Благовещенскэ къуажэхэм, Солдатскэ, Екатерининградскэ станицэхэм я администрацэхэми апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр кьыщыщIагъэщащ.

КъэщIэныгъэм кьриикIуам ипкъ иткIэ, судым иск 11 иратати, 9-м арэзы щIэтхъуащ, 2-м щыхоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхуищ I апIэ.

Оператор Хьэмыкъуэ Олег

натыхъуей жьлэ закъуэ, адэмей жьлэ закъуэ нобэ дунейм тетыжхэм уащыхихьэкIэ, убыхххэм я щIыналъэхэм ущыпхыкIкIэ, дауэ кьыумыIуэтэжьынрэт зэлъэпкъэгъуэхэм я тхьдэм щыщу узыщыгъуаззэхэр. Пэжыр жьдвгъэIи, ныпым тет вагъуэхэр зи дамыгъэу щыт зэлъэпкъэгъуэхэм я щIэхэр занщIэу къыт хуеиыбжьэкIынкIэ мэхъу, абыхэм ятеухуауэ тщIэри мащIэщ, щIалэгъуэлэращи, яхъэпIуатэмэ, щыгъуазэ хъуну аращ. ГъэщIэгъуэнрактъэ, Мэжид и адэжь хэку кьыщалъхуаныим, Тыркум къиIэпхъукIыжьахэм ящыщщ. Апхуэдэу щыт пэтми, Хэкужьым и щIыналъэ кьыщыткIухьа псори фIы дыдэу ильыхуу кьыщIэжащ. «Хэкум хьэщIэу дыкъэкIуа хуэдэщ», - зыхужьитIэжьурэ Мэжид адэжь лъахэр дигъэщIхужьурэ гъуэгуанэ кIыхьыр къыздэгъэшэри: «Тыркум дыхэвгъэпIыащ, нобэрей Адыгэ хэкум фильм тепхыну ухуейкIэ, абыкIэ сыпхоохъуагъэ, уарэзымэ, сэ щIэгъэкъуэн сыткIи сыфхуэхъунщ», - къызжиIат. ГукъэкI пщIыр унафэщIым кьыбдимыыIигъмэ, гукъэкIыр кьэнэжьынущ. Телевиденэм и унафэщI Къумахуэ Мухъэдин и гуапэу къыддиныIигащ мурадыр.

И зэманри и сомри тригъэкIуадэу апхуэдэ IэжьыгъэтэкIэ иным пэрыхьэн куэд щыIэныкъым. Ун лъэпкъым ухуэгумащIэу, абы и дунейр ун гупсысэм хэпщIауэ ущытын хуейщ. Мэжид дэ къыддиIэта Iуэхум хуэдэ и ужь уихьэн щхьэкIэ. Ун упщIэм нэхъ теухуауэ жыпIэмэ, Музэ, гу зылъытпар пэмкIи, зэлъэпкъэгъуэхэм ятегъэпсыхьауэ телевиденэм нэтын ищIатэкъым. Зэлъэпкъэгъуэхэм я якIалагъуэ кьэнэжахэм ящыщ куэдым дыщыIащ. Сэ езыр сыхуэпабгъэу сыкIуащ си лъэпкъэгъуэхэм я псэупIэ зэи сызэдэщымыIахэм. Псалъэм папщIэ, абзэзэ хэ жьлэу зы закъуэ - Хьэкурынэхьэбгъ - фIэкIа щымыIэжьм, апхуэдэ дыдэу хьэтыкъуей жьлэ закъуэ, дыхьэхуей хуэдэ.

Нобэ шапсыгъэхэр кьыззрынэжьауэ зэрыс хы Iуфэ щIынаIъэхэр, фэри фIъэгъуащ ахэр, дахэщ тIупыджэу. Къуэладжэ-къуэладжэу дызыдыхьахэм «жьлэу щэщ-пIыщI дэсащ, иджы абыхэм ящыщу зы-тIущ къэнэжар», жьыхуаIахэр гум къинэнукъэ?!

- Фильмыр зытеухуакIэ зэщхьэщокI зыбжанэу, сыту пIэрэ «Пщэдей узышэ гъуэгу» щыфIнщар жьунгъэIу...

- И щхьэфэм тетыкъым жэуапыр, фильмым и Iыхьэ псори зы пкъым зэрепхыж. Лъэхъэнэ зэпIэщIэкэр фильмым щызэпэджэжми, псори зыхуэгъэзар пщэдейращ. АбыкIэ я Iуэху епIлъыкIэр жаIэ щIэныгъэIэпхэми, егъэджакIуэхэми, хьэрычэтыщIэхэми, нэхъыжьхэми, щIалэгъуалэми. Жэуап хьэзыр, зегупсысыжьи хуэмеIуэ, диIамэ нэхъ тыншт, дауи... Дьэзгупсысын ди куэду пIэрэ нобэ жьзоIэ... Сызэримыгугъауэ, щIалэгъуалэ куэд епIлъауэ къыщIэкIащ къэдгъэлъэгъуахэм, лIакъуэхэм я тхьдэхэм, диалектхэм ятеуху уащIэжмкIи зыкъыгъуахагъэзащ. «Дэ зы тхылъкIэ дедж щхьэ мыхъурэ?» - жери Бекъулхэ я зы щIалэ къызэупщIащ.

- Хабзэмрэ бзэмрэ лъэпкъым я купщIэщ. Мис фэ фахэплъащ фIыуэ зэпэжыжьэу псэу ди лъэпкъэгъухэми кьухьэпIэмкIэ щыIэ адыгэмэ. Дауэ хьуми щыхъуа хабзэмрэ бзэмрэ я щIыналъэхэм?

- Шапсыгъэхэр хэбгъэкIмэ, мыдрей адыгэхэм я Iуэхур зэхуэдэщ. Жьлэ цIыкIу пщыкIуи ирикъужу аращ шапсыгъэхэр, я цIыху бжьгэкI минищI хьууэ, Краснодар краим къэрал хабзэкIэ хэту. УхэщIыпсыхьыжьыим куэд хуейкъым. Хабзэм апэм иIа къарур иIэжьинкIэ нобэ Iэмал иIэхъым. ЩытыкIэр щыапхуэдэщ Кавказым и кьухьэпIэмкIи къуэкIыпIэмкIи щыпсэу адыгэхэм я деж.

Бзэм теухуауэ жыпIэмэ, шапсыгъэхэм я деж щынэхъыкIэщ Iуэхур, Хы Iуфэм Iус жьлэхэм я щIалэгъуалэм щыщ куэдыр урысыбзэкIэщ зэрызэпсалъэр. Псалъэм щхьэкIэ, Нэжьыгу жьлэм дащыIущIат щIалэгъуалэ гуп. АдыгэбзэкIэ сызэпсэльа пщIы бжыгъэжьм жэуап кьыззрызэратар урысыбзэщ. Ауэ Iэжьугъуэ щхьэхуэ гуэрым и гугъу пщIымэ, псалъэм папщIэ, адыгэ джэгум епха хабзэкэр шапсыгъэм нэхъ яхъумащ. Хабзэр хьума хъуным кIахэ адыгэкэр нэхъ хуэгумащIэу кьыщIэжьнущ. Шапсыгъэм и курыт еджапIэкэм адыгэ хабзэм факультативу щыхурагъаджэ. «Адыгэ хабзэ» жиIэу тхылъхэр кьыдагъэкIауэ, япэ классым щыщIэдзауэ ебгъуанэм нэс аращ зэрыраГаджэр. Адыгейм ар, факультатив мыхъуу, предмет щхьэхуэ щытщ. Тхылъхэр зэхэзыгъэувар профессор Унэрокъуэ Мирэщ.

Ауэ псом япэр бзэращ, Хабзэм щэнхабзэми зэрызэхъуэжьыр апхуэдэ дыдэу щынагъуэкъым, гуэзвэгъуэр бзэр пфIэкIуэдмэщ, Зэлэжьын хуейр, дуней зэIуха хуэм пэщIэтыныфын щхьэкIэ, лъэпкъым щыщу зыкъыпIытэжу, ар нэсу зыхищIэу сабийр гъэсэныщ. АбыкIэ зэакъыпгъэкIуэ Шапсыгъым щыпсэури ди республикэм щыщи. Ауэ а кьаэзэным лъэпкъыр и фIэщу нобэ телажьркъым.

- Фльэгъуахэм ящыщу сытым унгу хигъжьуа?

- Бжьэдыгъу жьлэ дызыдыхьахэм Хьэтъэкъуае жиIэу яхэтащ. Абы дэт курыт еджапIэм щIэс щыкIуэм ящыщу дызэупщIахэм кьалырыльэлъу адыгэ тхакIуэхэм я Iэдакъэщ IэкIэр кьытхурабжэкIащ, я жьлэм и тхьдэм щыщ хьэкъуащ, усэхэм кьытхуеджащ, бжьэдыгъуэр псэуакIуэхэу зэрыщытыр кьыджаIащ, зыщыгъуэ кьызыгурыIуэж мис а щIалэ щыкIуэхэм (5-6-нэ классхэм щIэсу арат) ди гур хагъэхъуат, Музэ, ИпэкIэ уагъапIъэ абыхэм. Нэхъ убгъуауэ упсалъэмэ, кьухьэпIэмкIэ щыпсэу адыгэхэм я псэукIэр Iейкъым, Урысей Федерацэр нобэ зыхэт тынышыгъэрэ гугъуэхэри абыхэми зыхащI. Жьлэу дызыдыхьар, фильмми щыбольагъу ар, зэдыщIэкIыу дахэщ, я унэ-лъапсэхэр зэкIужиц, хуэмыщIауэ мы кьужажэр ихэтщ жьлэ Iэну зыри тIъэгъуакъым. Сэ зи гугъу сщыфIынур дэ тIъэгъуаэращ. Шапсыгъми Адыгейми зэманым кьыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм я хъери кьалъэIсу, бжьыгъэкIэ куэду хэмыхъуэми, хэмыщIэху мэпсэу.

- Сэлисэт, унгу нэхъ зыхуэмыззгъауэ, тефыну фызыхуэнэмысауэ сыт кьуна?

- Дэ тIэу дежьащ, тхьэмахуэ бжьыгъэкIэрэ тетхьу. Куэдым дыхунэсащ. Мэжид щыпIэ хэр фIыуэ зэрицIыхум, дызыхуэзэнухэмкIи и нэIуасэхэр кьыддэIэпыкъуурэ зэрыщытам ди лэжьыгъэр куэдкIэ нэхъ псынщIэ тщищащ. Мыбдеж жьыс1ну сыхуейт щхьэх ямыщIэу, ззэщауэ зыщхьэщадамыгъащIэу кьыддэдэжьа операторхэм фильмым куэд зэрыхалъхьар - ахэр Щоджэн Инаирэ Хьэмыкъуэ Олегрэщ.

Нэхъ сигу зыхуэнэныкъуэ кьэнар сыт жьыпIэмэ, зэлъэпкъэгъуэхэр кьызытеIа лIакъуэхэм я нобэрей къуэпсхэм теухуауэ машIэщ къэсщIэфар. Псалъэм папщIэ, кIэмыргуейхэр пщы Бэлэтокъуэрэ абы и къуэш Хьэтыкъуэрэ я дежь къыщежьащ. Бэ-токъуэ и щIэблэхэм ящыщщ Айтэчыкъуэхэ. А унагъуэущIэр зэсыхьэхэр щыIэж нобэ?

- ЩыIэжмэ - сахуэзэну, я пIэпкъ хъыбар къезгъэIуэтэну, дауи, сыхуейт. Жьнэхэр щымыIэжми, унагъуэщIэу зэзыхъэ щыIэхэщ, къыщыткIыхьахэм дахуэмызами. Абыхэм ящыщ уахуэзэну

ТелевизорелIъ куэдыр зэрыщыгъуаззэщи, Хьэгъундокъуэ Сэлисэт мыр и япэ лэжьыгъэкъым. 2007 гъэм «Къэбэрдей-Балкъэр» къэрал телевиденэм игъэхэтауэ щыит сэу адыгэхэм ятеухуауэ абы игъэхьазыра «Хэкум упщIэ щIэм деж» зыфIнща документальнэ фильм гъуэзэджэр (ар Iыхьэ 12-у зэхэтщ). Лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцIэм апхуэдэу яхэуващ «Зи щIэ дунейм кьытехьэжа», «Зэманым и псыежэх», «Къафэ» фIэщыгъэхэм щIэ ту Хьэгъундокъуэм ди щIыхьэм я пащхьэ иритьхьа лэжьыгъэ кутщIафIэхэр. Псом ящхьэращи, абыхэм ящыщ дэтхэнэрэ гупсысэкIэ ГъагъэзыщIэхъ Iуэху епIлъкIэмэрэ гъэсэныгъэщхуэ щIэблэм кьызыхахын дерсхэмкIэ. Дыщыгугъынщ дызытехьа 2012 гъэм ди лъэпкъ тхыдэм теухуауэ Сэлисэт нIэ мурадхэр кьехъуIэу дигъэгуфIэну.

Епсэлъар

ЛЪОСТЭН Муззщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩыщIэныгъэхэр къыщIагъэщ

УрысЕй Федерацэм щIыуэпсыр хъуэмэныжьI и законодательствэр щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм я администрацэхэм зэрагъэзащIэр Прохладнэ районым и прокуратурэм кьипщытати, ныкъусаныгъэ куэд кьэщIигъэщащ.

КъызэрахутамкIэ, Пролетарскэ къуажэм Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрамым тет 176-нэ унэм щылажьэ Iуэхущ I апIэм Iэнатlэхэм я щIэныгъэ зэрыщыгъэ-зэрыгъэ-зэсэбэпымрэ теухуауэ 1998 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м къыдэкIа Федерацэм закон №89-ФЗ-м и 15-нэ, 19-нэ статьяхэм кьагъэувхэр кьыщыгъэпауд. КIэрыхубжьэрыхуэкэр зэтримыхьэн щхьэкIэ кьагъэсэбэпахэр, ягъэкъэбзакэр, нэгъуэщIхэм иратахэр, кьыIахахэр, дашахэр щыIэ хабзэм тету кьыщалъытэркъым. 1-4-нэ классым ихьэ кIэрыкъуфкIэрыгъ шынагъуэхэм елэжьхэм хуэфащэ щIэныгъэ ябгъэдэлъкъым, абыкIэ зыхуей тхылъхэр (сертификатхэр) яIэкъым.

Черниговскэ, Учебнэ, Красноселькэ, Къэрэгъэшэ, Малакановскэ, Новэ-Покровскэ, Янтарнэ, Заречнэ, Ульяновскэ, Советскэ, Дальнэ, Благовещенскэ къуажэхэм, Солдатскэ, Екатерининградскэ станицэхэм я администрацэхэми апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр кьыщыщIагъэщащ.

КъэщIэныгъэм кьриикIуам ипкъ иткIэ, судым иск 11 иратати, 9-м арэзы щIэтхъуащ, 2-м щыхоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ I апIэ.

Судым щыхоплъэ

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым и прокуратурэм кьипщытащ сайт зеиншэхэр, адэанэхэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэмытыжу кьэнахэм зэхуэдэхэм ящыщу еджапIэхэм, социальнэ Iуэхутхэ-бзэщIапIэхэр хэту, щапIыж унагъуэхэм, абыхэм хуагъадэ сабий унэхэм зэрыщыIэну пIалъэр зыухахэм, кьыщхьэщыжьыж зимыIэжхэм, дзэм кьулыкъу щызыщIахэм, я тезырыр япшыныжу кьэзыгъэзэжахэм псэупIэхэр чэзууншэу ират.

КъызэрахутамкIэ, Урыс К., Рахаевэ А., Рахаев И., Рахаев М., Семэн А., КIэбышэ Н., Думэн М., Дзэмыхь А., Кьардэн Л., Шорэ З., Шэджыхьэщ I э К. сымэ Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и администрацэм льготэкIэ псэупIэ зыльысыж хуейхэм я учетым щытщ. Арами, щыпIэ администрацэмрэ республикэм и Правительствэмрэ иджыри кьыздэсым ахэр псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщакъым. АрдыдзмкIи псэупIэ и льэныкъуэкIэ хабзэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр кьызэпаудэ.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, судым иск 11 иратати, 9-м арэзы щIэтхъуащ, 2-м щыхоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ I апIэ.

Ахъун гъагапIэм укъепIтыхымэ...



Абзэхэ пщащэхэр.

Шапсыгъ ныбжьыщIэхэр.
Агуни-Шапсыгъ къуажэ

ФIэикъуэ къуажэ.
Шапсыгъ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

●Къэпщытэныгъэхэр

«Сом мелард 700-р къэдгъуэтыжащ!»

Апхуэдэ жэуап къритащ Къэзыбж палатэм и унафэщІ Степашин Сергей «Комсомольская правда» газетым и лэжьакІуэм

ФИНАНС кІэльыплъыныгъэм и орган нэхъыщхьэм Къэрал Думэм Іэригъэхьащ нэгъабэ эффигьэкІа лэжьыгъэм теуІуэ отчет.

- Сергей, апхуэдэ отчет ильэс ищ къэсыжащ ящ Іуэхугъуэ пыухыкІам кьыхэкІа?

- Ар хабзэу ІуекІуэ. ИщхьэрэІ палатэм мазаем и 10-м отчет щыстынщ, мазаем и 15-м ФедерацэмкІэ Советым сыкІуэнщ.

- Арщхьэкіэ иджы щыщІэдзауэ Парламентым Правительствэми щытопсэльыхь Къэзыбж палатэм сом мелард 700 фІэкІуэдзэу. Ар пэж?

- Сыту фІыт си деж укъыдэрэпсэльар. Іуэхур зыІутыр ебэтэмэжьын хуейщ. Дэ а зи гугъу ящ сом мелард 700-р къэдгъуэтыжащ, псори къэдбжащ, псори зэхуэкІуэ.

- Арщхьэкіэ иджы щыщІэдзауэ Парламентым Правительствэми щытопсэльыхь Къэзыбж палатэм сом мелард 700 фІэкІуэдзэу. Ар пэж?

- Сыту фІыт си деж укъыдэрэпсэльар. Іуэхур зыІутыр ебэтэмэжьын хуейщ. Дэ а зи гугъу ящ сом мелард 700-р къэдгъуэтыжащ, псори къэдбжащ, псори зэхуэкІуэ.

- Дэнэ къыщыбгъуэтыжар? Фи отчетым тефщыхьмэ, Урысейм бюджет мылькъу щагъэкІуэщащ нуэкІ ильэсищІ псом щадыгъуам нэхърэ нэхъыбэ! (отчетым итщ 2008 гъэм - сом мелард 97-рэ, 2009 гъэм - сом мелард 238-рэ, 2010 гъэм - сом мелард 484-рэ хабзэншагъэкІэ къыгъэсэбэпауэ).

- Мылькъур зэхэдгъуауэ аракъым. Зи гугъу тщІыр финанс хабзэхэм зэрерэзкъуарщ. Дэ абыхэм гу лъдгъэтэ къудейщ.

- АтІэ, щхьэ ечу жьпІэмэ, щытыкІэр нэхъ гуэзвэгъуэ, нэхъапэм щыІам еПытауэ?

- Хьэуэ. Іэ сом мелард 700-м дынэсащ, Абы кьегъэлъагъуэ къэзыбж палатэр и кьалэнхэм нэхъыфІу пэлъэщ зэрыхьэр.

Дэ бидэу дапыщІащ хабзэхьуэмэ Іуэхугъапіэхэм, казначей Іэнатіэм. Иджы нэхъапэм дигу кьэкІыу щымыт а Іуэхугъэм дальэІэс хьуащ.

- Псалъэм и хьэтыркІэ, сыт хуэдизкІэ?

- Къэралым къыщІэхъуэм егъэщІылІаХэм. Псом хуэмыдэу а лъэныкъуэм хабзэхэр кьыщыІэзэпауд. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, ди кьулыкъущІэхэм зрагъэсэфакьым щІэм тету лажьэу. ЖытІэнщи, «Электрон Урысей» программэм егъэщІылІа щыуагъэхэм я закъуэ къэралым хэщІыныгъуэ сом мелард 1,4-рэ къритынущ. ЖКХ-м ди нэІэ тетщ. Абы мы гъэм гулыІэтэ щхьэхуэ хуэтщІынущ. А Іэнатіэм ахьшІэшхуэ щызохьуэ, хэщІыныгъэхэри щыкІуэдщ. Абы кьоокІ кьэралым ар ильаГуу. Арщхьэкіэ къэдым нэхъ кьащтэ зыри кьэмыхьуэ хуэдэу фэ зытрагъэуэну...

- Фи дэжьыгъэм зыгуэр кьыкІэ??

- Ящыныкъуэ къэпщытэныгъэхэм къырикІуаэр зэхаГъэкІащ, псори зэхэту Іуэхуи 172-рэ прокуратурэм едгъэхьащ.

- Сыт кьрикІуар?

- Ди къэпщытэныгъэхэм я ужькІэ кьулыкъущІэу 150-рэ я Іэнатіэм ІуагъэкІащ. Арщхьэкіэ нэхъ мыхьэнэщхуэ эиІэр ди къэпщытэныгъэхэм кьыщыдгъэльэгъуэ ныкъуасанытэхэм я проект 90-р зэрагъэзэжьэжащ. Дэ ди кьалэну кьыщолытэ хабзэр кьызэрпемыгъэудыныр. Зыри хуитын хуейкьым Іуэхум щхьэзыфІэфІагъ хилъхьэну.

- Мыбдеж кьыщыхэдгъэщынщ, Сочи щекІуэкІ олимп хуэныгъэхэм ещхьІалІауэ фэ куэд кьэфтІэщащ. Мази 9-м кьрнубыдэу ухуэныгъэ 92-м щыщу ягъэхьэзырар 68-рэ къудейщ. Иджыри 20-р щауэхуэну щы-пІэхэр ягъэбелджылакьым. Лажьыгъэу зэфІахьи хуеяр процент 74-м щІрагъэгъуфакьым...

- Дэ къэдгъэльэгъуар мази 9 кьудейщ. Мы Іуэхум ущІэгуэзвэнышхуэ хэлъкьым. Нобэ щытыкІэр зыкьэомкІэ ефІэкІуэжащ. Олимпиадэр и чэзум екІуэкІынущ. Аращ нэхъыщІыкІэр.

- Фи отчетым апхуэдэу кьыщыгъэльэгъуащ ЗыхьумэжьыныгъэмкІэ министерствэм кьымыгъэсэбэп псэупІэ унэхэу метр зэбгуэзэнатІэ мини 3,6-рэ фІыз эт ти-хьауэ. Псори зэхэту сом мелари 7 и уасэ.

- Ахэр дзэ Іуэхущапіэр нобэкІэ зыхуэмеиж хьауащ.

- ПсэупІэхэри?

- Нэхъапэм ахэр казарменэу щытащ. Къэтщтэнти, Петр Езанэм и академиер. Мыгувэу ар зэрахъуэкІкІэ. Мылькъушхуэ кьахудохуэ. Дзэ кьулькъущІэхэр хуейщ ахэр нэхъ льапІэу ящынэу. Дэ зыри щІэдуфэркьым - Іуэхум и пэжыпІэр къэдгъэпьагъ уэ кьудейщ.

